



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 6 janvyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PLAN KI PRAL RETIRE PLIS PASE \$2 MILYA CHAY FISKAL POU FANMI  
AK BIZNIS NEW YORK**

**Eta a te transfòme \$10 Milya Defisit nan \$2 Milya Sipli yo Prewwa**

**Pakè a Kontinye Ogmante Opòtinite Ekonomik atravè Rediksyon Enpo ak Atirans Biznis**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse detay sou yon pwopozisyon soulajman fiskal ki plis pase \$2 milya ki la pou ogmante opòtinite ekonomik ak atire ak devlope biznis atravè Eta a. Grasa yon jesyon fiskal responsab nan gouvènman onivo eta, New York soti nan yon defisit \$10 milya pou rive nan yon benefis \$2 milya yo prewwa. Pwopozisyon ki fèt jodi a posib gras a siksè sa, epi se pwochen etap enpòtan nan transfòmasyon pèmanan New York pou l vin yon eta pi abòdab pou biznis ak fanmi.

“Sou twa lane ki sot pase yo, nou fè pwogrès san parèy nan bese koub ogmantasyon enpo ak depans gouvènman nan New York, pou transfòme yon bidjè eta a ki gen yon defisit \$10 milya pou vinn yon benefis \$2 milya,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwopozisyon sa yo chita sou siksè anvan tankou adopsyon premye plafon enpo sou pwopriyete epi reyalizasyon to enpo sou revni mwayen ki pi ba depi 60 lane, pou ogmante opòtinite ekonomik atravè rediksyon enpo epi pou atire biznis nan eta a. Pwopozisyon yo ki entwodi jodi a pral fè New York kontinye ap vanse nan bon direksyon an, kreye dyòb, devlope ekonomi an epi founi soulajman ki nesè anpil pou fanmi kap goumen. Mwen remèsye alafwa Komisyon Refòm ak Egalite Fiskal ak Komisyon Soulajman Fiskal pou rekòmandasyon yo, epi espere travay ak lejislati a pou adopte pwopozisyon sa yo.”

Klike [la](#) pou videyo anons Gouvènè a sou pwopozisyon an li te fè nan kòmansman jounen an.

Sou baz pwopozisyon jounen jodi a, si kwasans depans yo rete nan de pousan chak ane, Eta a pral gen benefis apeprè \$2 milya disi lane fiskal 2016-17. Etandone benefisi sa ki prewwa, Gouvènè Cuomo pwopoze yon seri mezi soulajman fiskal plis pase \$2 milya pou ede abitan ak biznis New York. Pwopozisyon an chita sou travay di Komisyon Refòm ak Egalite Fiskal Eta New York ak Komisyon Soulajman Fiskal Eta New York la. Tout depans pakè a ki depase \$2 milya pral konpanse gras a pwopozisyon pou fasilite rekouvremant enpo, sa ki pral ogmante revni atravè odit amelyore.

Haitian Creole

Pwopozisyon Gouvènè Cuomo a gen ladann mezi ki annapre yo:

### **Friz pandan 2 lane Enpo sou Pwopriyete**

Atravè prèske tout mezi yo, enpo sou pwopriyete New York se yo ki pi wo nan nasyon an ak yon bwodwo rezidansyèl mwayen \$5.040. Anplis, twa nan kat bòdwo fiskal mwayen konte ki pi wo yo nan peyi a se New York. Epi New York se youn nan sèlman 10 eta kote yon rezidan ka viv nan twa goudenman lokal pou izaj piblik anmenm tan. Pa gen ankenn rezon pou New York genyen apeprè 10.500 fòm goudenman lokal separe; anpil nan yo founi sèvis ki monte youn sou lòt oubyen ki repete.

Pwopozisyon Gouvènè Cuomo a pral friz enpo fonsye pandan dezan, dapre yon seri kondisyon enpòtan. Sou yon lane, Eta a pral retounen enpo pou pwopriyete kay kap viv nan yon jiridiksyon ki twouvel l nan plafonn enpo fonsye 2 pousan an. Sou dezyèm ane a, eta a pral retounen enpo bay pwopriyete kay ki rete nan yon lokalite ki twouve l nan plafon an an epi tou ki dakò pou l egzekite yon plan konsolidasyon sèvis oubyen administrasyon pataje. Friz la pa pral aplike nan Vil New York, ki pa genyen yon plafon enpo fonsye. Yon fwa li byen enplemante, pwopozisyon soulajman fonsye sa pral founi prèske \$1 milya nan soulajman ak yon benefis mwayen \$350 apeprè pou anviwon 2,8 milyon pwopriyete kay.

### **«Disjonktè » Enpo sou Propriyete**

Dapre pwopozisyon disjonktè enpo sou pwopriyete, 1.9 milyon kontribiyab ki gen ti revni ak revni mwayen peye yon vre taks fonsye efektiv ki gen pou wè ak revni ki depase to enpo sou revni. Pou ede moun ak fanmi sa yo, Gouvènè Cuomo pwopoze Eta a founi soulajman fiskal sou baz kapasite kontribiyab la pou l peye. Fanmi ki rantre jiska \$200.000 revni ap kalifye epi prestasyon an pral jere kòm yon kredi ranbousab kont taks sou revni pèsònèl ak yon prestasyon mwayen \$500 apeprè. Alòske kredi a ap disponib nan tout eta a, nan zòn andeyò Vil New York sèl rezidan jiridiksyon ki adere nan plafon taks fonsye a ap kalifye. Kredi sa ap vo \$1 milya nan soulajman fiskal lè li finn enplemante.

### **Kredi Enpo pou Lokatè**

Genyen 3.3 milyon fanmi atravè eta a ki lwe kay yo. Sou plis pase 829.000 fanmi lokatè ki gen ti revni peye plis pase 50% revni kash chak mwa sou kou lojman ak plizyè milye lokatè revni mwayen ki gen menm chay yo. Pou founi soulajman fiskal bay lokatè, Gouvènè Cuomo pwopoze pou yo bay soulajman fiskal pou lokatè ak revni anba \$100.000 atravè òf yon kredi fiskal sou salè pèsònèl ki ogmante ak kantite moun nan fanmi an. Pwopozisyon sa ap founi plis pase \$400 milyon nan soulajman fiskal pou 2,6 milyon lokatè.

### **Refòm nan Taks sou Byen Imobilye apre Lanmò**

New York se youn nan sèl 15 eta ki enpoze yon taks fonsye, epi nivo taks fonsye aktyèl la bezwen bon jan refòm. Pandan goudenman federal la egzante premye \$5.25 milyon pwopriyete prive, New York egzante sèlman pwopriyete ki vo pi piti pase \$1 milyon. Pou fini ak mezi ankourajman initil sa pou Nouyòkè granmoun kite eta a, Gouvènè Cuomo pwopoze pou yo ogmante enpo fonsye New York la nan

\$5,25 milyon epi pou yo bese to maksimòm la nan 10 pousan pandan kat lane. Apati lane 2019, egzansyon enpo fiskal Eta a ap egal ak egzansyon Federal la, ki kalkile anfonksyon enflasyon. Chanjman sa tap egzante apeprè 90 pousan tout pwopriyete imobilye anba enpo, retabli ekilib epi elimine eleman ankourajan kap fè Nouyòkè klas mwayèn ak rich kite Eta a.

### **Diminye Presyon Enpo epi Trete Biznis ak Plis Jistis**

Enpo sou franchiz antrepriz New York antikkadik epi kompleksite li ralanti epi konplike pwosesis odit la ki pran plizyè egzèsis fiskal pou l rezoud. Pou senplifye estrikti fiskal la epi bay biznis yo soulajman, Gouvènè Cuomo rekòmande pou Eta a rantre taks labank la nan enpo franchiz antrepriz la epi bese to a nan 6,5 pousan – pi ba to a depi lane 1968. Chanjman sa yo pral modènize strikti enpo antrepriz la pou la pou montre yon sektè sèvis finansye 21yèm syèk, senplifye konfòmite epi elimine eleman kap frennen antrepriz finansye yo pou yo ka envesti ak kreye dyòb nan New York. Lè li fin enpleman, pwopozisyon an pral founi \$346 milyon chak ane nan soulajman fiskal pou biznis New York.

### **Kredi Fiskal sou Pwopriyete pou Fabrikan**

Bese kou pou fè biznis pou antrepriz manifakti yo pral fè New York vin yon kote antrepriz ap anvi vini mete operasyon yo epi pral kreye dyòb nan rejyon Nò ak nan zòn Vil New York. Pou ogmante kantite fabrikan epi atire nouvo biznis manifakti, Gouvènè Cuomo pwopoze pou Eta a kreye yon kredi ranbousab kont enpo antrepriz ak pèsònèl kap egal ak 20 pousan enpo sou pwopriyete chak ane yon antrepriz peye. Kredi sa ap founi \$136 milyon nan soulajman fiskal pou sektè manifakti a.

### **Elimine To Enpo sou Fabrikan nan Rejyon Nò Eta a**

Pou ankouraje kwasans manifakti nan Rejyon Nò eta a, Gouvènè Cuomo rekòmande pou Eta a elimine to Enpo sou revni antrepriz pou fabrikan Rejyon Nò yo. Pwopozisyon sa ap founi yon \$25 milyon anplis nan alejman fiskal pou bizni rejyon nò epi konplete pwopozisyon an pou diminye taks fonsye sou fabrikan.

### **Akselere eliminasyon ofizamezi Taks Anplis 18-A**

Pou pote alejman fiskal pou fanmi ak konpayi nan sektè ki konsonmen anpil enèji, Gouvènè Cuomo rekòmande pou Eta a elimine san pèdi tan Evalyasyon Sèvis Piblik Tanporè (18-A) 2 pousan yo mete sou bòdwo elektrisite, gaz, dlo ak vapè pou kliyan endistriyèl epi akselere eliminasyon ofizamezi a pou rès kliyan yo. Nouyòkè ap peye deja bòdwo enèji ki pi wo nan peyi a alòske taks anplis sa ogmante chay ki deja wo sou fanmi ak konpayi ki gen difikilte. Eliminasyon ofizamezi a pral pèmèt biznis ak rezidan ekonomize \$600 milyon sou twa lane kap vini yo.

### **Senplifikasyon Rejim Fiskal la**

Gouvènè Cuomo pwopoze yon seri mezi pou senplifye kòd fiskal la pou elimine dispozisyon lwa sou nwizans, anpil ladan yo rann sa difisil pou moun fè biznis nan New York. Nan mezi sa yo genyen

anilasyon: majorasyon taks minimòm sou enpo sou revni pèsonèl la; taks sou egzibisyon bòks ak lit la; taks sou koperativ agrikòl la; ak taks sou transfè tit I, ki jounen jodi a se yon to enpo zewo, Ki vle di li pa kolekte revni. Anplis, limit revni pou deklarasyon enpo sou revni pèsonèl la pral ogmante soti \$4.000 rive nan menm nivo dediksyon estanda kontribiyab la, sa kap elimine nesosite pou 270.000 kontribiyab fè yon deklarasyon enpo. Travay senplifikasyon fiskal gen ladan tou modifikasyon egzijans siyati sou retou efiled prepare par pwofesyonèl fiskal, epi aliye mobilite ak filings fiskal revni pou pou moun kap travay ak tèt yo.

### **Konstwiksyon sou Siksè Pase**

New York rekoni depi lontan kòm yon eta kote tak yo wo epi anti biznis. Depi lè li pran fonksyon, Gouvènè Cuomo pran anpil mezi pou li regle pwoblèm sa, tankou: limitasyon sou ogmantasyon depans eta a, adopsyon yon plafon taks sou pwopriyete, pi ba to enpo sou klas mwayèn depi 60 lane, eliminasyon kotizasyon sosyal MTA sou plis pase 700.000 ti biznis ak moun kap travay ak tèt yo, kreyasyon yon nouvo kredi enpo pou timoun ak fanmi, rediksyon enpo pou ti biznis ak fabrikan, refòm nan asirans chomaj ak asirans aksidan travay, ak nouvo zòn san taks START-UP NY. Yo espere konbinezon jesyon efikas ak respè bidjè a nan endis referans limit depans 2 pousan an pral kontinye amelyore sitiyoasyon fiskal Eta a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418